
OU PRAN CHÒK NAN DJÒB LA?

Yon Gid Anplwaye pou
Konpansasyon Travayè nan
Eta New York



Komisyon Konpansasyon Eta New York

www.WCB.NY.Gov

1-877-632-4996

Pwotokòl pou Sekrè Enfòmasyon

Tout dokiman Komisyon Konpansasyon Travayè genyen sou dosye ou se dokiman sekre. Dapre lwa sou konpansasyon travayè, se sèl moun ki konsène nan reklamasyon ou ki ka resevwa enfòmasyon nan dosye ou. Anplis oumenm ak avoka ou oswa reprezantan ou, men kèk moun ki ka wè enfòmasyon yo

- patwon ou ak avoka patwon ou
- konpayi asirans konpansasyon travayè patwon ou ak avoka li

Konpayi asirans lan ka divilge enfòmasyon yo ba founisè swen sante li anboche pou egzamine ou. Founisè swen sante ou yo ap gen pou divilge enfòmasyon sou sante ou ba konpayi asirans lan lè y ap voye bòdwo pou sèvis yo.

Nenpòt moun ki jwenn yon lòd tribinal ki otorize aksè nan enfòmasyon sou reklamasyon ou ladan tou. Yo ka divilge enfòmasyon ou yo ba enstitisyon gouvènman an si y ap travay sou yon reklamasyon pou avantaj yo oswa si y ap mennen ankèt sou fwod.

Pèsòn pa ka divilge enfòmasyon ou yo ba moun ki pa gen otorizasyon pou wè yo.

Ou ka bay pèmision alekri ou ba nenpòt moun ou chwazi pou gen aksè nan enfòmasyon sou reklamasyon ou, nan de (2) fason.

1. Ranpli yon Fòm OC-110A orijinal, Otorizasyon pou Divilge Dosye Konpansasyon Travayè. Fòm sa a disponib sou Entènèt nan sitwèb www.WCB.NY.Gov, oswa ou ka rele 1.866.750.5157 pou mande youn.
2. Soumèt yon lèt notarye orijinal oswa yon fòm kote ou bay otorizasyon pou yon moun oswa yon enstitisyon patikilye wè enfòmasyon ki nan reklamasyon ou.

Ou ka soumèt yon otorizasyon nenpòt kilè. Li toujou bon pou bay moun ou otorize wè dosye ou yo yon kopi dokiman sa a. Kèk moun otorize madanm/mari yo oswa pitit yo pou yo gen aksè nan dosye yo lè yo fè premye demann pou avantaj yo.

Moun ki ka vin patwon ou pa ka mande ou pou bay yo enfòmasyon sou reklamasyon konpansasyon travayè ou anvan yo anboche ou.

Sa ki nan Tiliv la

Pwotokòl pou Sekrè Enfòmasyon.....	i
Kisa Konpansasyon Travayè ye?	2
Fason pou Fè yon Reklamasyon	2
Kimoun ki Pwoteje?.....	3
Responsablite yon Travayè	3
Swen Medikal	4
Reyabilitasyon ak Travay Sosyal	5
Avantaj (Lajan Kach) Ranplasman Salè	6
Avantaj Salè ki Redui.....	6
Klasman Andikap.....	7
Avantaj pou Andikap Pandan yon Konfli.....	8
Fason pou Rezoud Reklamasyon ki nan Diskisyon.....	8
Avantaj Akòz Lanmò	9
Avantaj Sekirite Sosyal	9
Diskriminasyon	9
Maladi Moun Pran nan Metye	10
Yon Kwonoloji pou Dosye Ou.....	11
Kesyon Komen sou Lwa a	12
Anyè Biwo Komisyon an.....	Padèyè

Tiliv sa a se yon prezantasyon jeneral ak senp sou dispozisyon ak pwosedi konpansasyon travayè. Li pa ranplase lwa a oswa konsèy legal.

Komisyon Konpansasyon Travayè pa pratike diskriminasyon poutèt ras, koulè, peyi kote ou fèt, si ou se fanm oswa gason, relijyon, laj, andikap oswa preferans seksyèl lè l ap bay sèvis oswa avantaj pou chomaj.

Fwod nan konpansasyon travayè se yon krim, ki ka lakòz ou peye amann ak ale nan prizon pandan apeprè sèt (7) ane.

Pou rapòte fwod, rele 1-888-363-6001.

Kisa Konpansasyon Travayè ye?

Konpansasyon travayè se yon fòm asirans. Pifò patwon yo dwe gen asirans sa a pou travayè yo ki pran chòk oswa ki vin maladi akòz djòb yo. Li prevwa swen medikal, ak salè ou pèdi paske ou pa kapab travay. Patwon yo ap peye pou asirans sa a epi yo pa ka mande ou pou peye lajan nan depans lan. Yon konpayi asirans oswa yon patwon peye avantaj yo si patwon an gen asirans. Yo peye avantaj yo dapre lalwa, epi Komisyon Konpansasyon Travayè ap asire peman avantaj yo fèt kòrèkteman.

Komisyon Konpansasyon Travayè se yon ajans eta ki sipèvizè fason patwon yo ak konpayi asirans yo jere reklamasyon travayè ki pran chòk yo. Yo peye yon reklamasyon si konpayi asirans lan dakò ensidan an asosye avèk travay, oswa si Komisyon an bay lòd pou sa. Yon patwon oswa konpayi asirans lan kapab konteste reklamasyon an. Si sa rive, Komisyon an ap eseye rezoud konfli a nan 90 jou. Pa egzanp, konpayi asirans lan ka kwè ensidan an pa t rive nan travay la. Li ka pa menm dakò li te bay patwon an pwoteksyon asirans lè ou te pran chòk la. Ka gen lòt posiblite tou. Kèlkeswa rezon an, Komisyon an ap eseye rezoud li san pèdi tan.

Ou pa bezwen pèdi tan nan travay ou pou fè yon reklamasyon. Yo pa bezwen jwenn pèsòn ki fotif pou ou pou resevwa avantaj yo. Moun ki mande konpansasyon yo p ap resevwa mwens si yo te neglijan, ni yo p ap resevwa plis si patwon an fotif. Men, yon travayè ap pèdi dwa pou avantaj yo si li pran chòk la sèlman nan itilize dwòg oswa alkòl, oswa nan eseye bay tèt li chòk oswa nan eseye bay yon lòt moun chòk.

FASON POU FÈ YON REKLAMASYON

*Ou dwe rapòte chòk la ba patwon ou alekri nan 30 jou apre aksidan an. **Komisyon an fèt pou resevwa avi dosye ou nan dezan apre aksidan an.** Ou dwe fè yon reklamasyon pou konpansasyon tou san pèdi tan.*

Ou ka ranpli Fòm C-3, Reklamasyon Anplwaye pou Konpansasyon, youn nan twa (3) fason yo.

1. Sou Entènèt, ale nan sitwèb www.WCB.NY.Gov pou ranpli fòm nan.

2. Ranpli yon fòm C-3 sou paye, epi voye li nan sèvis lapòs nan biwo Komisyon ki pi pre ou. W ap jwenn yon fòm C-3 nan mitan tiliv sa a, epi adrès Komisyon an padèyè tiliv la.

3. Rele 1-866-396-8314. Yon reprezantan Komisyon an ap ranpli fòm nan avèk ou. Tradiksyon disponib pou gratis.

N ap fè ou konnen nan sèvis lapòs si yon odyans nesesè.

Kimoun ki Pwoteje?

- Travayè nan tout biznis ki pa komèsyal.
- Anplwaye konte ak anplwaye minisipal.
- Asistan nan lekòl piblik, tankou asistan nan Minisipalite Vil New York. Pwofesè atelye Vil New York yo pwoteje; lòt pwofesè Vil New York yo pwoteje nan yon lòt sistèm.
- Anplwaye eta New York, ak kèk travayè volontè.
- Travayè nan kay ki travay pandan 40 èdtan oswa plis pa semèn pou menm patwon an. Sa gen ladan bebisitè atanplen, konpayon, ak bòn k ap viv nan kay patwon an.
- Travayè agrikòl ki gen patwon yo ki touche \$1200 oswa plis pou travay agrikòl pou ane sivil anvan an.
- Nenpòt lòt moun Komisyon an detèmine ki se yon anplwaye.

Enstitisyon ki pa komèsyal, manm lòd relijye, patwon kleje ak pwofesè, ak travayè nan kay ki travay pandan mwens pase 40 èdtan pa semèn ka gen pwoteksyon volontè. Li pa obligatwa.

Kimoun ki Pa Pwoteje?

- Moun k ap travay nan enstitisyon edikasyonèl, enstitisyon relijye, oswa enstitisyon charite ki pa anseye oswa ki pa fè travay manyèl.
- Moun ki pwoteje nan lwa federal sou konpansasyon travayè. Sa gen ladan travayè lapòs, sèten anplwaye komès maritim, anplwaye chemennfè ant eta yo, ak anplwaye federal yo.
- Nenpòt moun k ap fè travay nan lakou oswa travay òdinè nan kay nan yon kay yon fanmi kote mèt kay la abite. (Yon timoun minè k ap manipile ekipman ki fonksyone avèk kouran, tankou yon aparèy pou koupe gaz, pwoteje.) Ka gen pwoteksyon anba yon kontra asirans pwopriyetè kay.
- Sèten anplwaye gouvènman etranje.
- Lapolis, ponpye, pwofesè ak travayè sanitè Vil New York ki pwoteje nan yon lòt sistèm. Lòt lapolis ak ponpye ki gen inifòm ka pa ladan tou.
- Moun ki nan lavant byen imobilye ak reprezantan lavant medya ki siyen kontra ki endike yo se antreprenè endepandan.
- Antrepriz endividiyèl, patnè, ak konpayi ki pou youn/de (2) moun ki pa gen anplwaye ka pwoteje, men yo pa bezwen sa anba lalwa.

Responsablite yon Travayè

1. Eseye retounen travay imedyatman ou kapab sou plan fizik. Patwon ou ka gen travay tranzisyon oswa travay lejè pou ou.
2. Ou responsab pou chèche travay nan mwayen fizik ou. Sa ka vle di travay deyò metye ou gen anvan.
3. Bay repons pou tout demann yo ak dokiman Komisyon an ak konpayi asirans nan yon manyè ki apwopriye.
4. Fè Komisyon an ak lòt moun yo konnen lè adrès ou chanje.
5. Patisipe nan tout odyans yo epi ale nan tout randevou yo. Rive alè.
6. Reponn kesyon yo nèt epi avèk onètete.
7. Patisipe nan dosye ou yon fason dinamik. Pa kite evènman rive sou ou.
8. Konprann nenpòt akò ou fè.
9. Poze reprezantan ou ak Komisyon kesyon ou yo.

Swen Medikal

Yon travayè ki pran chòk nan djòb li oswa ki vin malad nan travay li ap gen swen sante li pou pwoblèm medikal peye anba reklamasyon konpansasyon travayè. Swen sante a garanti si kit ou pèdi tan kit ou pa pèdi tan nan travay la. Yo peye li tou anplis nenpòt avantaj ou resevwa pou salè ou pa touche yo.

Founisè swen sante yo dwe jwenn otorizasyon Komisyon an pou wè pasyan konpansasyon travayè a. Komisyon an gen lis founisè swen sante ki gen otorizasyon pou trete ou. Ou kapab jwenn yon doktè sou Entènèt nan sitwèb www.wcb.ny.gov/tps/HPSearch.jsp, oswa si ou rele 1-800-781-2362.

KALITE

SÈVIS KI GARANTI

Medikal
Osteyopatik
Dantè
Podyatrik
Sikolojik (sou rekòmandasyon)
Tretman Kiwopratik
Operasyon
Swen nan Lopital

Tès Laboratwa
Medikaman sou Preskripsyon
Sèvis Enfimyè
Ekipman Chirijikal
Aparèy Pwostetik

Pafwa li nesèsè pou jwenn otorizasyon davans.

Ou kapab resevwa swen sante nan klinik nenpòt founisè swen sante, oswa nan klinik doktè ou, si li anrejistre.

Founisè swen sante yo ap voye bòdwo dirèkteman ba konpayi asirans lan oswa ba Komisyon an. **Pa peye okenn bòdwo sof si Komisyon an bay refi pou dosye ou.** Ou ka resevwa ranbousman lajan tou pou vwayaje pou fè ale-vini nan klinik prive yon founisè swen sante.

Si gen diskisyon sou sèvis medikal espesifik, konpayi asirans lan dwe peye nenpòt pòsyon ki nan diskisyon an. Li dwe eksplike tou alekri pou kisa li pa t peye sèvis yo, epitou li dwe mande nenpòt enfòmasyon ki nesèsè pou peye yo. Doktè ou yo ka mande ou pou siyen Fòm A-9. Sa endike w ap peye bòdwo yo si Komisyon an bay refi pou reklamasyon ou, oswa si li abandone dosye ou anvan yo aksepte li.

Òganizasyon Founisè Swen Sante Prefere

Si konpayi asirans lan gen yon rezo founisè swen sante pou pran swen travayè ki pran chòk yo, ou dwe itilize sèvis founisè swen sante sa yo. Sa rele Òganizasyon Founisè Swen Sante Prefere (PPO). Konpayi asirans lan dwe fè ou konnen sa. Si ou pa satisfè avèk swen ou resevwa nan PPO a, ou ka chwazi yon founisè swen sante otorize ki deyò PPO a apre 30 jou tretman an.

Rezo Dyagnostik yo

Konpayi asirans yo ka mande ou tou pou itilize rezo sant medikal li pou tès dyagnostik yo. Pa bliye fè doktè ak lòt founisè swen sante yo konnen si konpayi asirans lan mande ou pou itilize rezo li pou fè tès dyagnostik yo.

Frè pou Peye nan Famasi

Ou kapab ale nan nenpòt famasi, sof si konpayi asirans lan itilize yon rezo. Asire famasyen an konnen ou gen yon dosye konpansasyon travayè, paske anpil ladan yo ap voye bòdwo ba konpayi asirans lan dirèkteman olye yo voye bòdwo yo ba ou. Men, famasi kapab mande ou pou peye pou preskripsyon an davans. Konpayi asirans lan dwe ranbouse ou nan 45 jou. Famasi a kapab sèlman fè ou peye kantite lajan lalwa espesifye a, kidonk menmsi ou peye davans, w ap jwenn ranbousman pou tout lajan ou. Ou pa responsab pou peye yon kopeman.

Si ou dwe itilize yon famasi rezo konpayi asirans lan, konpayi asirans lan dwe fè ou konnen kijan ou ta dwe itilize li. Famasi sa yo resevwa peman an dirèkteman. Ou p ap responsab pou peye okenn frè.

Eksepsyon

1. *Tès yo*: Konpayi asirans lan pa ka mande ou pou itilize yon founisè swen sante rezo a pou fè yon tès dyagnostik nan yon ijans medikal. Li pa ka mande ou pou itilize yon rezo ki pa gen yon founisè swen sante oswa yon sant medikal *ki sou yon distans ki rezonab*, ki se *yon mil avèk lakay ou oswa avèk travay ou nan yon anvivònman lavil, epi ki se dis (10) mil nan yon anvivònman banlye oswa andeyò*.

2. *Famasi*: Konpayi asirans lan pa ka mande ou pou itilize famasi rezo a si li pa posib yon fason rezonab nan yon ijans medikal. *Ou pa bezwen itilize famasi rezo a si yo pa ofri kòmman medikaman nan sèvis lapòs oswa si yo pa nan yon distans rezonab avèk ou nonplis*.

Reyabilitasyon ak Travay Sosyal

Sèvis reyabilitasyon ap ede moun retounen nan travay yo ak fè tout aktivite lavi yo. W ap jwenn eksplikasyon sou sèvis espesifik ki anba la a.

Reyabilitasyon medikal ap ede moun yo vin gen maksimòm endepandan ak fonksyonman yo. Li bay travayè yo enfòmasyon, epi li ede yo jwenn swen medikal, adaptasyon fizik, oswa lòt bezwen espesyal. Se sèlman yon doktè ki ka rekòmande reyabilitasyon medikal, kidonk, pale avèk doktè ou sou sa. Aranjman pou sèvis sa a fèt deyò Komisyon an.

Reyabilitasyon pwofesyonèl ede moun ki gen andikap ki anpeche yo retounen nan djòb nòmal yo. Konseye yo ede travayè ki pran chòk yo jwenn travay ki adapte avèk mwayen yo. Yo ede devlope tou yon plan pou yo retounen nan travay. Sa ka gen ladan konsèy ak rekòmandasyon pwofesyonèl pou fòmasyon ak pou plasman nan djòb moun nan chwazi.

Travayè sosyal yo ede moun yo lè fanmi yo oswa pwoblèm finansye yo anpeche yo retounen nan travay. Travayè sosyal yo ede moun yo siviv avèk andikap yo, epi yo diskite sou enkyetid yo konsènan reyabilitasyon. Yo kapab ede travayè yo prepare pou yo retounen nan travay tou.

Komisyon an gen konseye, travayè sosyal ak egzaminatè reklamasyon k ap kowòdone ak kontwole lòt sèvis yo. Si ou kapab jwenn avantaj nan sèvis sa yo, kontakte Komisyon an. W ap jwenn nimewo telefòn yo nan kouvèti deyè tiliv sa a.

Avantaj (Lajan Kach) Ranplasman Salè

Moun ki mande konpansasyon sa yo ki andikape nèt oswa anpati pandan plis pase sèt (7) jou ap resevwa avantaj pou salè yo pèdi a. Kantite lajan w ap resevwa a baze sou salè mwayen ou touche pa semèn pandan 52 semèn anvan dat ou pran chòk la, ansanm avèk travay siplemantè. Li baze sou salè anvan dediksyon ou, pa sou salè ou pote lakay ou. Komisyon an ap itilize de-tyè salè mwayen pa semèn ou, answit l ap ajiste li nan limit andikap ou:

$$\frac{2}{3} \times \text{salè mwayen pa semèn} \times \% \text{ andikap la} = \text{avantaj pa semèn}$$

Avantaj maksimòm pa semèn nan se de-tyè salè mwayen pa semèn ou. Si ou soufri yon andikap total, w ap resevwa de-tyè salè mwayen ou pa semèn, jiska apeprè kantite lajan maksimòm nan (gade anba la a). Pa egzanp, si ou touche \$750 pa semèn, epi ou andikape nèt (100%) apati jodi a, w ap resevwa de-tyè \$750, oswa \$500 pa semèn. Ou andikape a 100%, poutèt sa w ap resevwa tout avantaj la.

Si ou andikape a 50%, epi touche \$750 pa semèn, avantaj ou se \$250. Pou kalkile li: de-tyè salè mwayen \$750 pa semèn ou egal \$500. Answit, paske ou andikape a 50%, avantaj ou se mwatye \$500, oswa \$250.

Pousantaj avantaj la kalkile menm jan, kit ou andikape pou yon ti tan kit ou andikape nèt. Li baze sou dat aksidan an. Li pa ogmante lè avantaj maksimòm yo ogmante. Maksimòm nan kalkile sou 31 mas pou ane sivil anvan an, a 2/3 salè mwayen an nan New York.

Dat Aksidan an	Avantaj Maksimòm Salè Pa Semèn
1ye jiyè 1992 - 30 jen 2007	\$400
1ye jiyè 2007 - 30 jen 2008	\$500
1ye jiyè 2008 - 30 jen 2009	\$550
1ye jiyè 2009 - 30 jen 2010	\$600
1ye jiyè 2010 - 30 jen 2011	\$739.83
1ye jiyè 2011 - 30 jen 2012	\$772.96
1ye jiyè 2012 - 30 jen 2013	\$792.07

Si ou andikape pandan plis pase 14 jou, ou ka resevwa avantaj salè depi nan premye jou a. Sinon, premye 7 jou almannak andikap la p ap pwoteje. Y ap bay swen medikal pou chòk ou depi li nesèsè, selon detèminasyon Komisyon an.

Nòt: Si konpayi asirans lan konteste dosye ou, li ka kenbe avantaj ranplasman salè ou jouk lè Komisyon an egzije li pou peye ou.

Avantaj Salè ki Redui

Si ou kapab retounen travay men chòk ou pran an anpeche touche menm salè ou te konn touche anvan an, ou ka gen dwa pou yon avantaj k ap fè apeprè de-tyè diferans lan. Avantaj sa yo rele *avantaj salè ki redui*.

Klasman Andikap

Doktè ou ap endike kijan chòk la lakòz ou andikape. Konpayi asirans lan ka pa dakò avèk jijman sa a. Konpayi asirans lan ka mande ou pou wè yon doktè li chwazi pou fè yon *egzamen medikal endepandan*. Komisyon an ap deside kijan ou andikape (*degre andikap la*) pami pwendvi sa yo. Avantaj salè ou pèdi a baze sou degre andikap ou. Gen kat (4) kategori.

Andikap Total pou yon Ti Tan

Ou pa kapab travay epi ou pa kapab touche salè, men sèlman sou yon baz pwovizwa. Ou gen dwa pou resevwa tout avantaj salè ki akseptab.

Andikap Pasyèl pou yon Ti Tan

Ou pèdi kèk mwayen pou travay ak pou touche salè pou yon ti tan. W ap resevwa yon pousantaj salè ou ki egal a pousantaj andikap la. Pa egzanp, si ou andikape a 25%, w ap resevwa 25% lajan dedomajman ou, pou tan ou andikape a.

Nòt: Tout chòk yo, menm sa yo jwenn ki *pèmanan* pita, se chòk ki pou *yon ti tan* dabò. Tout avantaj yo depannde kantite salè maksimòm nan.

Andikap Total Pèmanan

Ou pèdi tout mwayen ou pou travay ak pou touche salè. **Pa gen limit nan kantite semèn avantaj yo.**

Andikap Pasyèl Pèmanan, San Ou Pa Pèdi Salè

Ou pèdi kèk pati nan mwayen ou pou travay. Si ou te pran chòk anvan 13 mas 2007, ou kapab resevwa avantaj yo depi andikap la lakòz ou pèdi salè. Chòk ou pran apre yo ka pèmèt ou resevwa jiska 10 zan avantaj. (Ou kapab aplike pou re-klasman, ak pou avantaj siplemantè apre peryòd sa a.) Menmsi andikap la pa gen afekte salè ou, y ap toujou peye pou swen medikal ou.

Andikap Pasyèl Pèmanan, avèk Pèt Salè

Kategori sa a gen ladan pèt bra, men, dwèt, janm, pye ak zòtèy oswa itilizasyon yo, ak pèt vizyon (ou avèg) oswa odision (ou soud). Lalwa endike kantite semèn nan avantaj w ap resevwa pou pèt sa a.

Defigirasyon

Moun ki gen figi yo, tèt yo oswa kou yo ki defigire nèt ka resevwa jiska \$20,000, selon degre chòk la ak dat aksidan an.

Avantaj pou Andikap Pandan yon Konfli

Si ou pa resevwa avantaj yo paske gen diskisyon sou reklamasyon ou, ou ka resevwa avantaj pou andikap nan moman sa a. Ou kapab ranpli yon fòm DB-450, ki disponib sou Entènèt nan sitwèb www.WCB.NY.Gov, oswa si ou rele **1-800-353-3092**. W ap ranbouse nenpòt peman pou andikap nan avantaj salè ou pèdi yo.

Fason pou Rezoud Reklamasyon ki nan Diskisyon

Konpayi asirans yo ap aksepte souvan yon reklamasyon epi y ap kòmanse peye avantaj yo san pèdi tan. Men, yon konpayi asirans kapab konteste yon reklamasyon pou plizyè rezon. Li ka pa dakò ou te pran chòk, li ka pa kwè ou te pran chòk la pandan li te ba ou asirans, oswa nenpòt kantite lòt sitiyasyon. Egzaminatè ak medyatè Komisyon an ap fè yon premye efò pou rezoud pwoblèm yo. Si yo pa kapab, Komisyon an ap fè kèk odyans devan yon jij lwa sou konpansasyon travayè. Jij la ap pran temwayaj, l ap revize dosye medikal ou ak salè ou. Answit, jij la ap pran yon desizyon sou pwoblèm nan, epi l ap fikse kantite lajan nenpòt dedomajman.

Nenpòt pati ka konteste desizyon an. Sa dwe fèt alekri, nan 30 jou apre desizyon an. Manm Komisyon Konsèy la ap revize dosye ki anba kontestasyon yo. Yo ka dakò, yo ka chanje pati nan yon desizyon, oswa yo ka rejte li. Yo ka retounen dosye a pou plis odyans tou. Konpayi asirans

yo pa gen pou peye avantaj salè ki pèdi pandan twa (3) manm komisyon yo ap revize dosye a. Yon konpayi asirans kapab aksepte pati yon dosye epi li kapab konteste lòt pati a. Nan ka sa a, li dwe peye pati li aksepte nan lajan dedomajman an pandan dosye a anba revizyon. Konpayi asirans lan dwe peye salè ak bòdwo medikal ou yo si manm komisyon yo bay sipò pou jwenn lajan konpansasyon ou, menmsi li konteste sa pidevan.

Nenpòt pati ka konteste desizyon sa a, devan tout manm Komisyon konpansasyon travayè Si tout Komisyon an pran dosye a, l ap swa dakò avèk desizyon an, chanje li oswa pa dakò avèk li.

Ou ka prezante kontestasyon desizyon Komisyon an nan 30 jou devan Divizyon Kontestasyon an, Twazyèm Depatman, Tribinal Siprèm Eta New York. Yo ka konteste desizyon sa an Koudapèl yo.

Ou toujou gen dwa pou pran yon avoka oswa yon reprezantan ki gen lisans. Moun sa a pa ka ni mande ou ni pran yon frè nan men ou. Komisyon an ap detèmine frè a pou sèvis legal yo. **Y ap pran frè sa a nan lajan dedomajman pou salè ou pèdi a.**

Avantaj Akòz Lanmò

Gen yon avantaj pou fanmi travay ki mouri nan yon chòk oswa nan maladi travayè a pran nan djòb la. Yo dwe peye avantaj la kit travayè a mouri touswit apre yon chòk kit li mouri apre yon peryòd tan.

Madanm/mari ak pitit travayè a ap resevwa de-tyè salè mwayen anplwaye a touche pa semèn, jiska kantite lajan maksimòm pa semèn nan. Madanm/mari ak timoun yo ap separe avantaj pa semèn nan; yo chak pa resevwa tout avantaj la. Timoun yo ap resevwa avantaj la jouk lè yo gen laj 18 tan, oswa jouk lè yo gen laj 23 ane si yo ale nan kolèj. Si yon timoun avèg oswa gen andikap fizik, l ap resevwa avantaj la pou rès lavi li. Madanm/mari a ap resevwa avantaj la pou jouk lè li re-marye. Si madanm/mari a re-marye, l ap resevwa yon peman final ki egal a dezan avantaj.

Yo peye avantaj la anvan ba yon madanm/mari ak ba timoun minè oswa ba pitit-pitit depandan. Si pa gen lòt depandan, gen yon avantaj diferan yo peye. Paran ki vivan yo oswa byen travayè ki mouri a ka gen dwa pou resevwa \$50,000. Yo ka peye depans pou antèman tou. Avantaj la ap rive jiska \$6,000 nan konte New York metwopoliten yo, ak apre \$5,000 nan lòt konte yo.

Avantaj Sekirite Sosyal

Chòk ou oswa maladi ou ka fè ou gen dwa pou resevwa avantaj Sekirite Sosyal pou Andikap, ak konpansasyon travayè. Moun ki gen yon andikap pèmanan oswa yon andikap ki dire omwen 12 mwa ka kalifye. Kontakte yon Biwo Sekirite Sosyal pou jwenn plis enfòmasyon.

Diskriminasyon

Yon patwon pa ka revoke ou oswa fache konte ou si ou fè yon reklamasyon konpansasyon travayè. Ou pwoteje tou kont vanjans poutèt ou bay temwayaj nan dosye konpansasyon yon travayè. Patwon yo pa ka pratike diskriminasyon kont ou lè y ap anboche ou tou. Ou de dezan pou fè yon plent akòz diskriminasyon. Ranpli Fòm DC-120 pou soumèt ba Komisyon an. Ou kapab rele yon biwo Komisyon an pou jwenn fòm nan, oswa ou kapab jwenn fòm nan sou Entènèt nan sitwèb Komisyon an.

Si Komisyon an remake yo te revoke yon travayè yon fason ki pa kòrèk, l ap pase lòd pou anplwaye a retounen nan travay li. Anplwaye a ap resevwa peman li pèdi akòz diskriminasyon an.

Maladi Moun Pran nan Metye

Yon maladi moun pran nan metye se yon maladi moun nan pran akòz rezilta travay li. Moun nan pran maladi a nan yon aspè espesifik travay li fè a. Pa egzanp, moun k ap retire amyant ka pran abestoz. Moun k ap travay nan òdinatè ka souffri avèk sendwòm kanal kapyen.

Ou ka andikape akòz yon maladi ou pran nan metye ou menmsi ou pa pèdi tan nan travay la.

Règ ki detèmine limit tan pou fè yon reklamasyon pou maladi ou pran nan metye you se règ ki konplike. Ou ta dwe fè sa imedyatman ou konnen ou malad, oswa imedyatman ou sispèk ou gen yon maladi ou pran nan metye ou.

Moun ki andikape akòz maladi yo pran nan metye yo resevwa menm avantaj yo ta jwenn pou yon aksidan yo fè nan djòb la. Sizoka moun nan mouri, depandan yo dwe fè reklamasyon an nan dezan ki vini apre dat lanmò a.

Pèt Odisyon (vin soud) Nan Metye

Peryòd tan pou fè yon reklamasyon pou lè ou vin soud akòz metye ou diferan avèk sa lalwa egzije avèk lòt andikap yo. Peryòd pou tann dwe pase anvan ou fè yon reklamasyon. Peryòd sa se chwa ou nan

- Twa (3) mwa apre ou kite travay kote ou te ekspoze nan bwi nuizib la, oswa
- Twa (3) mwa ki vini apre dat yo retire ou nan bwi nuizib la nan espas travay la. Pou retire ou nan bwi a, ou ka gen pou mete ekipman pwoteksyon, kidonk mande pou li nan travay la. Ou kapab kontakte OSHA nan nimewo 1-800-321-OSHA pou mande èd si li nesèsè.

Komisyon an ap konsidere dènye kèlkeswa peryòd ou chwazi a kòm dat andikap la lè y ap detèmine kilè avantaj ou yo ap kòmanse.

Reklamasyon pou lè ou vin soud akòz metye ou gen limit tan. Ou ka fè reklamasyon an apre limit dezan nòmal la si ou fè sa nan 90 jou apre ou konnen ou soud akòz djòb ou.

Yon Kwonoloji pou Dosye Ou

Imedyatman: Chèche tretman medikal. Fè sipèvizè ou konnen aksidan an ak fason li te fèt. Ou dwe fè patwon ou konnen aksidan an tou, alekri, nan 30 jou. Ou ta dwe ranpli yon fòm C-3 pou soumèt ba Komisyon an tou.

Nan 48 èdtan apre tretman an: Doktè ou ap fè yon rapò medikal pou voye ba Komisyon an. Li dwe voye kopi ba ou ak ba reprezantan ou, epitou li dwe voye kopi ba patwon ou oswa ba konpayi asirans patwon ou.

Nan 10 jou apre aksidan an: Patwon an ap rapòte chòk la ba Komisyon an ak ba konpayi asirans lan.

Nan 14 jou apre ou resevwa avi pou aksidan an: Konpayi asirans lan ap ba ou yon deklarasyon alekri sou dwa legal ou nan 14 jou apre li fin konnen aksidan an oswa ansanm avèk premye chèk la, kèlkeswa sa ki anvan an. Si ou dwe itilize rezo founisè swen sante li, konpayi asirans lan dwe ba ou enfòmasyon pou pran kontak la tou.

Nan 18 jou apre aksidan an: Konpayi asirans lan dwe aksepte reklamasyon ou oswa li dwe eksplike ou pou kisa l ap konteste reklamasyon an. Li dwe fè oumenm, nenpòt reprezantan ak Komisyon Konpansasyon Travayè konnen sa. Si ou pa t fè patwon ou konnen sa touswit, li dwe pran yon desizyon nan 10 jou apre li konnen aksidan an. Si yo konteste dosye a, epi ou pèdi tan nan travay la, fè demann pou avantaj pou andikap.

Chak 2 semèn: Konpayi asirans lan ap peye ou avantaj salè ou pèdi yo (si li aksepte dosye a). L ap peye founisè swen sante ou yo dirèkteman. Konpayi asirans lan dwe fè Komisyon an konnen si li sispann avantaj ou oswa si li fè chanjman ladan.

Chak peryòd tan: Wè doktè ou pou jwenn tretman selon rekòmandasyon yo. Doktè a ap soumèt rapò pwogrè ou ba Komisyon an ak konpayi asirans lan.

LWA ANFAVÈ AMERIKEN KI ANDIKAPE

Lwa 1990 anfavè Ameriken Andikape entèdi diskriminasyon kont moun ki andikape nan travay. Lwa a asire aksè egalego nan sèvis gouvènman, lojman piblik, sèvis transpò ak telekominikasyon. Pou jwenn asistans enfòmasyon sou ADA ak sou ki dwa li bay pou moun ki andikape yo, kontakte Northeast ADA Center nan nimewo 1-800-949-4232 ak nan imèl northeastada@cornell.edu. Si ou gen kesyon sou fason pou fè yon plent sou diskriminasyon nan travay, kontakte Komisyon pou Opòtinite Egalego nan Travay (EEOC) nan nimewo 1-800-669-4000.

Kesyon Komen sou Lwa a

K. Kisa ki garanti anba Lwa Konpansasyon Travayè?

R. Chòk nan djòb ak maladi ki asosye avèk travay, ak maladi moun pran nan metye yo.

K. Kisa pou mwen fè si mwen pa fè yon reklamasyon pou konpansasyon travayè?

R. Ou ka pèdi dwa pou avantaj pou salè ou pèdi yo, epitou ou ka pèdi dwa pou jwenn swen medikal. Ou ta dwe ranpli yon fòm C-3 pou rapòte chòk oswa maladi ou pran an, menmsi konpayi asirans patwon ou dwe fè Komisyon sa a konnen sa lè li aksepte oswa konteste dosye ou.

K. Kijan yo detèmine avantaj lajan pou andikap total pwovizwa?

R. Avantaj pou andikap total pwovizwa se de-tyè salè mwayen ou te touche pa semèn nan ane anvan aksidan an. Gen yon kantite lajan maksimòm ou kapab resevwa pa semèn (gade paj 6). Avantaj maksimòm ou fikse dapre sa ki anvigè **nan dat ou pran chòk la.**

K. Èske yo bay swen medikal menmsi pa gen tan ki pèdi nan travay la?

R. Wi. Yo bay swen medikal pou pwoblèm medikal ou menmsi pa gen tan ki pèdi nan travay la.

K. Èske mwen dwe tann swen medikal?

R. Non, men doktè yo dwe mande otorizasyon pou fè pwosedi ki koute plis pase \$1,000 pou yo chak. Limit \$1,000 sa a konsène chak pwosedi, pa deans total pou swen an. Konpayi asirans yo dwe bay repons pou demann lan nan 30 jou.

Otorizasyon an pa nesesè nan ka yon ijans.

K. Èske yon doktè ka trete mwen si konpayi asirans lan pa bay repons pou yon demann pou apwobasyon?

R. Wi. Konpayi asirans yo gen 30 jou pou bay repons pou yon demann otorizasyon. Si konpayi asirans la pa bay repons nan 30 jou, founisè swen sante a ka bay sèvis yo. Si sèvis la se yon tès dyagnostik epi konpayi asirans lan egzijè moun ki mande reklamasyon an pou itilize rezo li, tès la dwe toujou fèt nan klinik yon founisè swen sante ki nan rezo a.

K. Èske medikaman sou preskripsyon garanti anba lalwa?

R. Wi. Depi yo detèmine reklamasyon ou, famasi yo ka voye bòdwo dirèkteman ba konpayi asirans lan. Ou ka resevwa yon kat oswa yon dokiman ou kapab montre yon famasi pou endike ou gen pwoteksyon asirans. Si konpayi asirans lan gen yon rezo famasi, l ap fè ou konnen sa, epi ou dwe achte medikaman yo nan famasi sa yo. Sèl eksepsyon ki genyen se nan yon ijans medikal, oswa si famasi yo pa ofri kòmman nan sèvis lapòs, epi pa gen yon famasi ki pre ou yon fason rezonab. Ou ka gen pou peye famasi a pou sèvis la anvan yo detèmine reklamasyon ou. Answit, konpayi asirans lan dwe peye ou lè yo detèmine dosye a. Pa gen kopeman.

K. Kisa k ap pase lè yon konpayi asirans konteste yon reklamasyon?

R. Pou konteste yon reklamasyon, yon konpayi asirans fèt pou fè Komisyon an konnen sa nan 18 jou ki vini apre andikap la, oswa nan 10 jou ki vini apre yo okouran aksidan an, kèlkeswa sa ki pi ta a. Konpayi asirans lan fèt pou eksplike pou kisa li konteste reklamasyon an. Answit, ou gen dwa pou prezante dosye ou ba Komisyon an. W ap resevwa avi pou yon rankont anvan odyans. Komisyon an ap chèche rezoud pifò ka yo nan 90 jou.

K. Èske mwen dwe fè yon egzamen medikal lè patwon mwen oswa konpayi asirans mwen mande sa?

R. Wi. Patwon an oswa konpayi asirans lan ka fè egzamine nan klinik yon founisè swen sante kalifye ki gen otorizasyon Komisyon sa a, nan yon distans rezonab pou ou vwayaje. Si ou refize fè egzamen sa a, sa ka afekte reklamasyon ou.

K. Èske yon konpayi asirans ka sispann oswa chanje avantaj lajan kach?

R. Wi, men lè sa a ou gen dwa pou yon odyans. Yon konpayi asirans fèt pou soumèt prèv pou chanjman ba Komisyon an, epi Komisyon an ap deside. Yon konpayi asirans pa ka chanje avantaj ou apre Komisyon an fin pran desizyon sou li san apwobasyon Komisyon an.

K. Èske mwen dwe pran yon avoka?

R. Non, men yon avoka ka ede ou nan dosye ki gen diskisyon sou yo epi ki konplike. Ou ka reprezante tèt ou, oswa ou ka pran yon avoka oswa yon reprezantan ki gen lisans.

(Pou jwenn yon lis reprezantan ki gen lisans, ale sou Entènèt nan sitwèb Komisyon an epi gade anba *Representatives*.) Komisyon an apwouve nenpòt frè pou peye, epi yo retire frè pou peye a nan lajan dedomajman ou. **Pa peye avoka ou dirèkteman.**

K. Kisa mwen kapab fè si mwen pa dakò avèk desizyon Komisyon an?

R. Ou ka konteste desizyon an alekri nan 30 jou ki vini apre dat yo pran desizyon an. Ou fèt pou eksplike pou kisa ou pa dakò avèk desizyon an. Manm Komisyon Konsèy la ap revize dosye ou. Si ou pa dakò avèk revizyon sa a, ou kapab konteste li devan tout Konsèy Manm Komisyon Travayè. Yo ka konsidere li oswa yo ka pa konsidere li.

K. Kisa mwen kapab fè si mwen pa satisfè avèk rezilta kontestasyon an?

R. Ou ka konteste li devan Divizyon Kontestasyon an, Twazyèm Depatman, nan 30 jou ki vini apre yo bay desizyon an.

K. Èske gen sanksyon lè moun bay manti nan reklamasyon yo?

R. Se yon krim lè yon moun fè espere pou bay manti nan yon dosye pou jwenn avantaj. Sanksyon yo gen ladan jiska sèt (7) ane nan prizon ak amann pou peye. Yon moun ki mande konpansasyon ka pèdi dwa pou avantaj yo tou. Se yon krim tou lè yon konpayi asirans kreye yon fo pwoblèm pou eseye bay refi pou avantaj yon travayè si li konnen travayè a gen dwa pou resevwa avantaj yo.

Anyè Biwo Komisyon an

Sèvis Kliyan
1.877.632.4996

Defansè pou Biznis
1.800.628.3331

pou Travayè ki Pran Chòk
1.800.580.6665

Liy Enfòmasyon pou Rapòte Fwod
1.888.363.6001

Founisè Swen Sante
1.800.781.2362

Avantaj pou Andikap
1.800.353.3092

Albany District Office
100 Broadway - Menands
Albany, NY 12241
1.866.750.5157

Binghamton District Office
State Office Bldg.,
44 Hawley Street
Binghamton, NY 13901
1.866.802.3604

Brooklyn District Office
111 Livingston Street
Brooklyn, NY 11201
1.800.877.1373

Buffalo District Office
Ellicott Square Building
295 Main Street - Suite 400
Buffalo, NY 14203
1.866.211.0645

Long Island District Office
220 Rabro Drive, Suite 100
Hauppauge, NY 11788-4230
1.866.681.5354

Manhattan District Office
215 W. 125th Street
New York, NY 10027
1.800.877.1373

Peekskill District Office
41 North Division Street
Peekskill, NY 10566
1.866.746.0552

Queens District Office
168-46 91st Avenue
Jamaica, NY 11432
1.800.877.1373

Rochester District Office
130 Main Street West
Rochester, NY 14614
1.866.211.0644

Syracuse District Office
935 James Street
Syracuse, NY 13203
1.866.802.3730

Voye kourye ki konsène reklamasyon yo nan:

NYS Workers' Compensation Board Centralized Mailing
PO Box 5205 • Binghamton, NY • 13902-5205